

## E si tibebe m gen yon kondisyon?


Èd ak resous yo disponib. Selon dyagnostik la, gen anpil tretman ki disponib tankou medikaman, chanjman nan rejim alimantè tibebe w, oswa operasyon korektif.

## E si mwen gen lòt kesyon?

Kontakte founisè swen sante tibebe w. Plis enfòmasyon disponib nan:

[newbornscreening.nj.gov](http://newbornscreening.nj.gov)

[babysfirsttest.org](http://babysfirsttest.org)



## Pou plis enfòmasyon:

Pou plis enfòmasyon sou Pwogram Depistaj pou Tibebe ki Fèk Fèt (Newborn Screening Program) la, politik konsèvasyon dosye li yo, ak fòm ki gen rapò ak dosye yo, eskane kòd QR la.



### Newborn Screening Laboratory (Laboratwa Depistaj pou Tibebe ki Fenk Fèt)

P.O. Box 371

Trenton, NJ 08625-0371

(609) 530-8371, Faks: (609) 530-8373

[njnbs.results@doh.nj.gov](mailto:njnbs.results@doh.nj.gov)

### Newborn Screening Follow Up (Swivi Depistaj pou Tibebe ki Fenk Fèt)

P.O. Box 364

Trenton, NJ 08625-0364

(609) 292-1582

[njnbsfu@doh.nj.gov](mailto:njnbsfu@doh.nj.gov)

### Early Hearing Detection and Intervention Program (Pwogram Depistaj Bonè ak Entèvansyon pou Tande)

P.O. Box 364

Trenton, NJ 08625-0364

(609) 292-5676

[ehdi@doh.nj.gov](mailto:ehdi@doh.nj.gov)

### Critical Congenital Heart Defects Program (Pwogram pou Domaj Kè Konjenital Grav)

P.O. Box 364

Trenton, NJ 08625-0364

(609) 292-1582

[njnbsfu@doh.nj.gov](mailto:njnbsfu@doh.nj.gov)



# Depistaj pou tibebe ki fèk fèt

*Tès depistaj ki ka  
sove lavi tibebe w*



## Kisa depistaj pou tibebe ki fèk fèt ye?

Depistaj pou tibebe ki fèk fèt se yon gwoup twa tès depistaj separe ki verifye kondisyon sante grav men ki ka trete, ki pa vizib lè tibebe a fèt. Anjeneral yo fè tès yo ant 24-48 èdtan apre nesans. Twa tès depistaj yo se:

**Depistaj san sou papye, depi 1964**

**Depistaj tande, depi 2001**

**Depistaj oksimetri pulsasyon, depi 2011**

## Poukisa tibebe m bezwen tès depistaj pou tibebe ki fèk fèt?

Pifò tibebe fèt an sante. Men kèk tibebe ka gen yon pwoblèm sante ra ki pa ka wè touswit. Nou teste tout tibebe pou nou ka jwenn pwoblèm sa yo bonè epi ede anpeche pwoblèm grav tankou andikap oswa lanmò.

## Konnen rezilta tibebe w yo.

Anvan ou kite lopital la, mande si tibebe w te fè tès depistaj pou tibebe ki fèk fèt yo. Si ou kite anvan tibebe w gen 24 èdtan, oswa si tibebe w te fèt oswa te resevwa swen deyò yon lopital, pale ak founisè swen sante tibebe w pou asire yo fè tès la.

Pote kopi paran an nan fòm san sou papye a (montre anba a) nan premye vizit tibebe w kay doktè.

BABY'S LAST NAME (PRINT)
XXXXXXXXXX

**Instructions to Submitter:**  
After entering the newborn's name, remove this copy and give it to the parents of this newborn.

**Parents,**  
Your baby has had his/her Newborn Screening blood test. This is an important public health service that can protect your baby. Infants may look healthy but have certain rare health problems which can be found by this test.  
A small amount of blood was taken from your baby's heel and sent to the New Jersey Newborn Screening Laboratory for testing. The hospital has given you the brochure "These Tests Could Save Your Baby's Life." This brochure has more information about Newborn Screening.  
Please take this notice to your baby's doctor, who can get a copy of the results by contacting the Newborn Screening Laboratory.  
Por favor lleve esta carta al doctor de su bebé.

State of New Jersey  
**NEWBORN SCREENING**

New Jersey  
Department of Health  
<http://www.newbornscreening.nj.gov>

PARENT COPY

## Kijan yo pral teste tibebe m?

**Tès tande a verifye pèt tande.** Rezilta tès sa yo disponib nan moman yo fè tès la.



**Tès oksimetri pulsasyon an verifye pou domaj kè konjenital grav (Critical Congenital Heart Defects, CCHD).** Rezilta tès sa yo disponib nan moman yo fè tès la.



**Tès san sou papye a teste yon ti echantiyon san pou verifye si yon tibebe gen risk pou sèten maladi ra.** Rezilta tès sa yo disponib kèk jou apre yo fin fè tès la.



## Asire lopital la gen enfòmasyon ki kòrèk pou ou ak tibebe w

- Bay adrès ak nimewo telefòn ou ki kòrèk
- Bay enfòmasyon founisè swen sante tibebe w

## Kisa k ap pase lè tibebe m bezwen yon lòt tès?

Founisè swen sante tibebe w, lopital kote tibebe w te fèt la, oswa Pwogram Depistaj pou Tibebe ki Fèk Fèt nan Eta a ap rele oswa voye yon lèt pou eksplike pwochen etap yo.

- Mennen tibebe w fè tès ankò san pèdi tan.

## Swiv rezilta depistaj pou tibebe ki fèk fèt tibebe w yo.

| Depistaj san sou papye | Pase                     | Pa pase                  |
|------------------------|--------------------------|--------------------------|
|                        | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |

| Depistaj tande | Pase                     | Pa pase                  |
|----------------|--------------------------|--------------------------|
|                | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |

| Depistaj oksimetri pulsasyon | Pase                     | Pa pase                  |
|------------------------------|--------------------------|--------------------------|
|                              | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |